

Reouvèti **LEKÒL** 2020

Angajman pou nou retounen lekòl

Sante ak sekirite toujou vini avan tout bagay

- Ap gen Ekipman pou pwoteksyon pèsonèl PPE ak pwodui pou netwayaj nan tout lekòl, epi DOE ap gen apwovizyonman pou 30 jou soulamen tout tan - avèk yon nimewo pou direktè lekòl rele pou yo reapwovizyone lekòl yo imedyatman
- Ap gen yon enfimyè aplantan nan chak bilding lekòl
- Si yo jwenn nenpòt bilding oswa sal ki pa gen ase vantilasyon, yo p ap itilize yo pou elèv ni pou estaf
- Elèv ak estaf ap pratike distans fizik nan tout bilding lekòl
- Elèv ak estaf ap mete pou kouvri figi yo pandan tout jounen lekòl la; si yo pa genyen youn, y ap bay yo youn gratis
- Elèv ap rete nan menm gwoup la pou tout jounen an pi plis posib
- N ap mete dezenfektan pou men nan chak salklas
- Lokal k ap fè tès nan vil la pral bay tès COVID gratis priyorite ak rezilta rapid pou anplwaye lekòl; tès gratis disponib tou pou tout elèv, fanmi, ak Nouyòkè nan tout vil la
- Nou ankouraje tout anplwaye DOE pou yo fè tès chak mwa
- Depatman sante NYC ak Test + Trace Corps ap fè investigasyon imedyatman pou tout ka ki konfime pou anpeche viris la pwopaje
- Lekòl ap kominike avèk tout elèv ak fanmi lè gen ka ki konfime nan lekòl yo

- Lè sa nesesè, y ap fèmen salklas oswa bilding lekòl pou yon bout tan pou kenbe sekirite kominote lekòl yo ak anpeche viris la pwopaje
- Y ap fèmen bilding lekòl yo si pousantaj tèz pozitif COVID-19 nan Vil Nouyòk vin 3% oswa pi wo lè yo pran mwayèn 7 jou— Peryòd agressig ki pi wo nan nasyon an

Y ap netwaye ak dezenfekte lekòl leta NYC lajounen kou nan nuit

- Y ap dezenfekte tout bilding lekòl **nan aswè**, chak swa
- **Y ap netwaye kote moun manyen souvan plizyè fwa** atravè jounen an chak jou
- Dezenfektè elektwoestatik ap **netwaye espas yo chak jou** san okenn kontak fizik

Elèv yo pral apran 5 jou pa semèn, kèlkeswa fason an

- Kèlkeswa anpèsòn oswa adistans, **elèv pral aprann nan anviwònman ki favorab** avèk nòm akademik solid
- Elèv ki pran aprantisaj adistans ap gen entèaksyon avèk pwofesè yo chak jou
- Y ap defini alavans orè elèv - ni adistans ni anpèsòn - epi y ap konsistan pou pèmèt fanmi planifye
- Enstriksyon akademik ap entegre **aprantisaj sosyal/emosyonèl ak swen ki konsidere twoma** pou ede elèv yon fason global
- Pwofesè ap gen tan chak jou **pou kominike youn-a-youn avèk elèv ak fanmi**

Jwenn plis enfòmasyon konsènan plan NYCDOE pou reouvri lekòl nan schools.nyc.gov/ReturnToSchool2020

Anrejistre pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo nan schools.nyc.gov/NYCSA